Mouvement Pour la Reconstruction Nationale
MRN
: mouvementpourlareconstructionn@gmail.com
: +509 4121-0661 / +509 37236122
:

Pòtoprens 12 février 2025

Note pou laprès

Mouvman pou Rekonstwiksyon Nasyonal salye pèp ayisyen an pandan lap pwofite leve vwa'l pou'l fikse pozisyon'l sou projè referandòm KPT a nan tèt kole avèk gouvènman an vle òganize nan objektif pou yo vini ak yon lòt konstitisyon.

Nap raple konstitisyon 1987 la se rezilta batay nasyon ayisyèn nan te mennen kont diktati pou'l te oryente peyi a nan wout libète, pwogrè sosyal ak ekonomik.

Depi 1987 pou rive jodi a Ideyal sa yo pa janm abouti okontrè pèp ayisyen an kontinye pirèd ap viv nan mizè ak ensekirite.

Lè yo rive nan pouwva politiisyen tout tandans kouri aplike sak di nan manman lwa a ki nan enterè yo, yo pwofite fè lwa pou bay tèt yo gwo avantay pandan yo meprize sak nan enterè pèp la ak nasyon an.

Yo pa janm fè efò pou yo aplike konstitisyon an ak amelyore'l men se defo'l yo toujou ap denonse.

Eskè se konstitisyon 1987 la ki responsanb kòripsyon kap gangrennen enstitisyon nou yo? Eske manman lwa a responsanb movèz gouvènans ki detwi economi'n ki fè peyi'n ap viv nan depandans ? Eske se konstitisyon an ki lakòz gang kriminèl ap teworize popilasyon an?

Eske se konstitisyon an ki ekzije nan tèt peyi a yon konsey prezidansyel 9 mann ? MRN pa kwe sa.

Pi move enmi ki anpeche Ayiti fè pwogrè, pi gwo obstak ki bare wout byenèt pèp ayisyen an se dirijan san zatray ak politsyen kòwonpi, se pa konstitisyon an. Akize konstitisyon se movèz fwa.

Si'n pa chanje mantalite'n chanjman konstitisyon pap bay rezilta.

Si MRN rekònèt fòk kèk amandman ak koreksyon pote nan manman lwa a pou fasilite yon gouvènans ki pi efikas, yon lòt kote li konstate pyès kondisyon pa reyini pou sa fèt. Ekip ki sou pouvwa a pa gen ni manda ni kapasite ni lejitimite pou'l angaje peyi a nan chemen chanjeman konstitisyon.

Fòk pèp ayisyen boude inisyativ sa ki pa yon ijans nan moman an.

Pou direksyon MRN :

Stanley Louis

Édouard Sévère

Carlos Guillaume

Sidoine Joseph